



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI SANTYE NATIRLÈL INOVATÈ POU OTIS NAN PAK ETA LETCHWORTH

*Premye santye nan Etazini ki espesyalman konsevwa pou kominote ak fanmi twoub espèk otis yo*

*Gen plis 3.3 milya dola nan fon prive ki sipòte pwojè a*

*Foto yo Disponib [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a premye santye natirèl nasyon an ki espesyalman konsevwa pou rezoud neseseite sansoryèl sila yo ki gen twoub espèk otis ak lòt andikap devlopmantral ouvri nan Pak Eta Letchworth nan lwès Eta New York. Avèk sipò plis pase 3.3 milyon dola nan ranmasaj lajan prive, nouvo Santye Natirèl pou Otis (Autism Nature Trail, ANT) la se yon bouk randone yon kilomèt swasant ki gen ladan uit estasyon sansoryèl ki make, chak konsevwa pou abòde yon eksperyans sansoryèl diferan nan yon anviwònman ki san danje ak ki bay sipò.

"Eta New York ap trase chemen pou nasyon an nan kreye santye piblik sa a ki konsevwa espesyalman pou pote avantaj aktivite anplennè yo bay sila yo ki gen espèk twoub otis ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pak Eta yo ta dwe aksesib pou tout moun epi se yon plas akeyan ak enklizif pou yon kominote ki defavorize".

Aktivite yo sou Santye Natirèl pou Otis la sipòte ak ankouraje pèsepsyon ak entegrasyon sansoryèl, pandan l ap bay tou aktivite amizan pou vizitè ki gen tout kalite andikap ak laj. Estasyon yo angaje chak sans vizitè, apati lanati ak materyèl natirèl kòm zouti pou devlopman konpetans. Santye a konfigire pou pèmèt distans sosyal ki sekirite ak entèraksyon planifye.

Estasyon sansoryèl yo ak lòt karakteristik Santye Natirèl pou Otis la gen ladan:

- Estasyon sansoryèl, kote yon koleksyon fèy, mous, fosil, fouri bèt, grenn bwadchèn ak lòt objè dwe touche, manyen ak menm santi;
- Pan ansoleye, yon labirent modere nan yon ouvèti ki gen ladan yon platfòm obsèvasyon, twa balanswa kalen ak yon "Zòn Solitè";
- Sèk mizik, kote yon seri enstrikman mizikal ki enspire nan lanati ankouraje kreyativite, swa sèl oswa avèk lòt yo;

- Kwen kiryoziye, yon espas ouvri avèk yon chèz pou glise, wòch ki gen fòm founmi ak aksè ak yon rakousi pou tounen nan kòmansman santye a;
- Montikil refleksyon, yon pwen trankil nan mwatye chemen santye a anba yon vout pyebwa avèk gravi kreyati nan bwa ki kache nan wòch yo;
- Kous ak eskalad nan preri, yon kote ki gen santye pou kouri, sote ak balanse sou teren ki tankou sèpan yo ak yon pis ki gen obstak;
- Zòn konsepsyon, kote vizitè yo kapab manipile materyèl sou santye a an modèl ak estrikti;
- Santye pou jwe, yon kote ki gen santye ki fè koub avèk diferan sifas ki gen ladan gravye gwosye, mòso bwa an won ak sab;
- Kwen, yon zòn ki gen bon espas pou chita anba yon vout natirèl;
- Estasyon selebrasyon, kòm arè final santye a, zòn sa a gen yon plas pou vizitè yo eksprime tèt yo atravè ekriti ak desen sou eksperyans yo nan santye a.

Sitiye toupre Humphrey Nature Center pak la avèk pakin, twalèt ak Wi-Fi, santye ki konfòm ak ADA a te konsevwa avèk kontribisyon Doktè Temple Grandin, yon ekspè nan endistri betay ki te dyagnostike avèk otis nan ane 1950 nan laj de ane epi kounye a li se youn nan defansè ki pi rekoni nan monn lan pou kominote otis la.

Sipò ak pwogramasyon pou santye a soti nan Perry Central School District toupre a nan Konte Wyoming ak Camp Puzzle Peace Rochester ak kan dete Adirondack pou fanmi k ap viv avèk andikap devlopmanal. Ranmasaj lajan pou santye a ap fèt nan non Pak Eta yo pa [Fidisi Eritaj Natirèl](#) (Natural Heritage Trust). Fidisi a se yon kòporasyon charitab ki pa gen bi fè pwofi ki resevwa ak administre kado, sibvansyon ak kontribisyon pou sipòte pwogram piblik yo pou pak, rekreyasyon, aktivite kiltirèl, konsèvasyon tè ak dlo ak pou rezon prezèvasyon istorik.

Mwa pase a, sipòtè Santye Natirèl pou Otis la te make yon pèt sibat youn nan premye defansè ki pi devwe nan pwojè a, ko-fondatè ANT, Suan Hernstein. Fanmi li te mande pou nenpòt donasyon nan memwa li fèt nan Santye Natirèl pou Otis la atravè Fidisi Eritaj Natirèl la.

Ranmasaj lajan an ap kontinye sipòte pwogramasyon vizitè pou Santye Natirèl pou Otis la. Jiskaprezan, plis pase 650 donasyon apa te fèt pou pwojè a, sa ki reflekte plis pase 430 donatè endividyèl, 50 donatè antrepriz, 25 gwoup kominotè ak 15 fondasyon.

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Patenarya piblik-prive a ki te imajine ak akonpli pwojè inovatè sa a montre kisa pouvwa kolaborasyon ak angajman kapab atenn. Pak Eta yo valorize pèsonèl ak patnè devwe nou yo ki te kontribiye pandan anpil èdtan epi nou rekonesan pou sipò finansye jenere yon bann donatè te bay".

**Loren Penman, yon ko-fondatè Santye Natirèl pou Otis ak manm Komisyon Pak Rejyonal Genesee, te deklare,** "Espwa nou sè ke Santye Natirèl pou Otis la pral tounen yon egzanp, ki repwodui anpil, nan enspire de sa nou te aprann pandan pwosesis kreyasyon sèt ane yon eksperyans nan lanati ki se premye nan jan li.

Pandan lòt yo ap renove plas piblik yo pou rann yo aksesib, nou te kreye yon plas aksesib epi rann li piblik--epi sa fè tout diferans lan".

**Gail Servanti, yon ko-fondatè Santye Natirèl pou Otis ak manm Komisyon Pak Rejyonal Genesee, te deklare,** "Se rèv nou ki konkretize epi mwen pa ka tann pou wè enpak pozitif yon pwomnad sou Santye Natirèl pou Otis la pral genyen sou moun ak fanmi ki gen tout kalite andikap yo".

**Direktè Egzekitif Camp Puzzle Peace la, Jen Hackett, te deklare,** "Camp Puzzle Peace te fonde apati yon dezi pou pataje yon lanmou pou lanati ak pèmèt fanmi yo viv lajwa anplennè yo nan yon fason ki siyifikatif. Nou trè fyè pou nou fè patenarya avèk Eta New York pou agrandi objektif nou nan bay pwogramasyon sou Santye Natirèl pou Otis pou tout fanmi yo, kèlkeswa andikap oswa dyagnostik la".

**Sipè-entandan Distri Lekòl Perry a, Daryl McLaughlin, te deklare,** "Je monn lan panche sou pwojè sa a. Tout bagay n ap fè yo pa te janm fèt anvan sa. Pwojè sa a reprezante sa ki posib lè moun, gwoup ak minisipalite yo angaje avèk youn lòt pou fè avanse yon kòz. Santye Natirèl pou Otis la pral yon espas pedagogik pisan kote pral gen aprantisaj ak ansèyman inovatè pou tout moun. Pwojè sa a pral yon chanjman radikal pou devlopman ekonomik".

Anviwon 1 sou 54 timoun nan Etazini te idantifye avèk Twoub Espèk Otis (Autism Spectrum Disorder, ASD), dapre estimasyon ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC). Yo rapòte ASD rive nan tout gwoup rasyal, etnik ak sosyo-ekonomik epi souvan gen yon gwo enpak sou paran, frè/sè ak manm fanmi elaji an.

Estatistik yo montre ke jèn moun yo ki gen otis pase tan ki pa pwopòsyonèl nan espas fèmèn, souvan ki jwenn konfò nan aktivite dijital ki debouche sou izòlman sosyal. Dekoneksyon sa a pa sèlman afekte moun ki gen ASD yo men tou kapab afekte swayan ak tout fanmi yo, ki kapab pafwa santi yo pa konfòtab nan espas anplennè yo.

Pou plis enfòmasyon sou Santye Natirèl pou Otis la, vizite: <https://autismnaturetrail.com/>.

Vizite pa apeprè yon milyon moun chak ane, Pak Eta Letchworth kouvri plis pase 5,666 ekta epi se youn nan rejyon ki gen panorama ki plis mayifik nan pati lès Etazini an. An 2015, lektè USA Today yo te vote li kòm pi bon pak nan Etazini. Antoure ak forè ki rich, Rivyè Genesee ap gwonde nan gòj sou twa gwo kaskad nan mitan falèz ki ka atenn jiska 600 pye nan kèk zòn. Pak la gen 106 kilomèt santye randone yo, ansanm ak santye pou kous cheval, bekàn, motonèj ak eski. Letchworth ofri pwogram sou nati, istwa ak atizay espektak, ansanm ak pwomnad gide, vizit, yon seri konferans pandan sezon ete, kous kannòt, kayak, ak yon pisin pou naje ak balon lè cho.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak

endividyèl, sit istorik, santye rekreyatif, ak lansman bato, ke yon kantite rekò 78 milyon moun te vizite an 2020. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite [www.parks.ny.gov](http://www.parks.ny.gov), telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)